

# Program Swen ak Edikasyon pou Timoun Piti

## pou pou fanmi k ap viv eksperyans sanzabri

Si fanmi w abite nan yon chèltè oswa nan yon lojman tanporè ou ka kalifye pou sèvis edikasyon ak swen pou timoun piti gratis. Sa gen ladan l fanmi ki fè ladesant kay lòt fanmi, paske yo pèdi kay yo, yo gen pwoblèm lajan oswa yo gen lòt pwoblèm konsa. Si fanmi w elijib, w ap gen anpil opsyon swen ak edikasyon bonè - epi si gen plas ki disponib, w ap ka enskri pitit ou a nenpòt ki lè. Anplis desa. fanmi ki sanzabri ki resewva Asistans Lajan Kach men ki pa kalifye pou avantaj gadri atravè Administrasyon Resous Imèn (HRA) kapab aplike pou asistans gadri nan Depatman Edikasyon (DOE) oswa Administrasyon pou Sèvis Timoun (ACS) kounye a.

### Opsyon

## Pwogram EarlyLearn yo

Pwogram EarlyLearn DOE yo, ansanm ak tout Early Head Start, bay swen ak edikasyon pou ti bebe ak timoun piti. Pwogram sa yo gratis pou fanmi ki kalifye sou baz revni yo k ap viv nan lojman tanporè.

**Laj yo: 0 – 2 zan**

**Pwogram lan: Nan sant e lakay**

**Lè: Tout ane a, jiska 10 èdtan pa jou**

[www.nyc.gov/earlylearn](http://www.nyc.gov/earlylearn)

## 3-K pou Tout Moun

Fanmi nan Vil New York yo ka aplike pou 3-K ki gratis pou tout moun, pou tout jounen, e ki gen bon jan kalite. Pwogram sa yo disponib pou fanmi ki nan lojman tanporè nan tout distri eskolè yo. Fanmi yo ka aplike pou 3-K nan ane ke pitit ou a gen 3zan.

**Laj yo: 3 lane**

**Pwogram lan: Nan sant, nan lekòl e lakay**

**Lè: Tout ane a, jiska 10 èdtan pa jou**

[www.nyc.gov/3k](http://www.nyc.gov/3k)

## Pre-K pou tout mou

Fanmi nan Vil New York yo ka aplike pou Pre-K ki gratis pou tout moun, pou tout jounen, e ki gen bon jan kalite. Pwogram sa yo disponib pou tout fanmi nan tout distri eskolè yo, kélkeswa revni yo oswa bezwen yo. Fanmi yo ka aplike pou Pre-K nan ane ke pitit ou a gen kat lane.

**Laj yo: 4 lane**

**Pwogram lan: Nan sant e nan lekòl**

**Lè: Tout ane a, jiska 10 èdtan pa jou**

[www.nyc.gov/prek](http://www.nyc.gov/prek)

## Koupon pou Gadri

Koupon pou gadri pou timoun yo ede kouvri depans gadri nan plizyè santèn founisè ki fè gadri lakay yo ak nan sant atravè vil la. Ou ka itilize koupon yo tou pou peye fanmi, vwazen oswa zanmi ke yo apwouve ki ka bay swen. Y ap bay fanmi ki nan lojman tanporè yo priyorite pou yo resewva koupon.

**Laj yo: 6 semèn - 13 lane (oswa 19 lane pou timoun ki gen andikap)**

**Pwogram lan: Nan sant e lakay**

**Lè: Tout ane a, jiska 24 èdtan pa jou**

[nyc.gov/childcarevouchers](http://nyc.gov/childcarevouchers)



# Program Swen ak Edikasyon pou Timoun Piti

## pou pou fanmi k ap viv eksperyans sanzabri

### Fason pou Aplike

#### POU PWOGGRAM 3K POU TOUT MOUN OSWA PRE-K POU TOUT MOUN:

##### IDANTIFYE YON PWOGGRAM

- Ale sou [www.MySchools.nyc/schools](http://www.MySchools.nyc/schools) pou jwenn yon anyè pwogram EarlyLearn, 3K ak Pre-K Pou Tout Moun.
- Sèvi ak onglè "More Filters" la epi chwazi "Head Start" oswa "Extended Day/Year" si w enterese nan pwogram ki bay swen pandan tout ane a (e menm pandan mwa ete yo)
- Rele 718-935-2009, imèl: [ES\\_Enrollment@schools.nyc.gov](mailto:ES_Enrollment@schools.nyc.gov) oswa vizite yon Sant Dakèy pou Fanmi DOE pou yo ka ede w

##### APLIKE POU:

###### Pwogram Early Learn, 3K pou Tout Moun oswa Pwogram PreK pou Tout Moun pa jou/anyèl pwolonje

###### • Pou Pwogram Head Start yo:

- Aplike dirèkteman atravè pwogram nan (vizite sit entènèt yo a oswa rele yo pou enstriksyon). Fanmi ki nan lojman tanporè yo kalifye pou Head Start kèlkeswa revni yo oswa sitiasyon imigrasyon yo

###### • Pou tout lòt pwogram yo:

- Ranpli yon fòm aplikasyon: [bit.ly/childcareeligibility](http://bit.ly/childcareeligibility)
- Voye aplikasyon w lan nan pwogram ou an, oswa voye l pa imèl bay DOE [CCapplication@schools.nyc.gov](mailto:CCapplication@schools.nyc.gov) oswa nan kourye lapòs Family Welcome Center, 333 7th Avenue 12th floor, New York, NY, 10001

##### APLIKE POU:

###### Pwogram eskolè 3K pou Tout Moun oswa PreK pou Tout Moun jou/ane

- Rele pwogram 3K oswa Pre-K a dirèkteman pou w konn si y ap ouvè touswit oswa ki lè y ap gen yon plas lib. Pwogram sa yo pa egzije okenn kondisyon kalifikasyon!

#### POU W JWENN KOUPE POU GADRI:

##### IDANTIFYE YON PWOGGRAM

- Vizite pòtay Child Care Connect DOHMH la pou w wè yon anyè sant edikasyon ak swen bonè yo ki gen lisans, pwogram ki baze nan lekòl yo, ak kan ete ki otorize yo oswa Zouti rechèch pou swen pou timoun OCFS la pou w ka wè yon anyè founisè kay ki anrejistre yo.
- Si w pa konnen nan ki pwogram pou w patisipe, pa gen pwoblèm - ou ka soumèt aplikasyon pou gadri a san w pa met enfòmasyon sa yo.
- Rele nan (212) 835-7610 oswa voye yon imèl bay: [temporaryhousingRA@acs.nyc.gov](mailto:temporaryhousingRA@acs.nyc.gov) pou ou ka jwenn èd.

##### APLIKE

- Ranpli yon fòm aplikasyon (presize ke w ap viv nan yon lojman tanporè): <https://www1.nyc.gov/site/acs/early-care/forms.page>
- Voye fòm aplikasyon w lan bay ACS pa imèl nan [temporaryhousingRA@acs.nyc.gov](mailto:temporaryhousingRA@acs.nyc.gov) oswa nan kourye lapòs nan NYC Children – EDU, PO Box 40, Maplewood, N.J., 07040.
- Si w kalifye, y ap ba w yon ke w ap ranpli epi w ap voye l tounen bay ACS.

